

TES FORMATIF

Wenehana tandha centang (✓) ing pilihan jawaban sing paling bener!

Gatekna pacelathon ing ngisor iki kanggo soal nomer 1-2!



Bu Lia : "Loh Bu Sari, kados pundi pawartosipun?"

Bu Sari : "Alhamdulillah sae Bu, Iha Bu Lia kados pundi?"

Bu Lia : "Sae ugi Bu, ananging radi pakewed Bu. Samenika saweg nyobi ngrampungaken essay kangge kelas basa Inggris ingkang kedah dipunkempalaken dhateng Pak Roni Minggu ngajeng."

Bu Sari : "Essay-nipun panjenengan babagan punapa?"

Bu Lia : "Babagan munpangatipun media sosial ing gesangipun masarakat Jawi."

Bu Sari : "Kadosipun panjenengan saged nglebetaken data statistik babagan munpangatipun media sosial kagem nyengkuyung penggalhipun utawi pendapat-ipun panjenengan supados saged gampil dipunmangertosi."

Bu Lia : "....."

Bu Sari : "Alah ampun mekaten Bu, sami-sami."

1) Apa kira-kira ukara kang trep kanggo njangkepi pacelathon ing dhuwur kuwi?

- a. "Inggi mangke kula aturaken dhateng Bapak Kepala Sekolah Bu."
- b. "Walah...inggi Bu. Maturnuwun sanget panjenengan sampun maringi kula ide ingkang sae sanget!"
- c. "Panjenenganipun sampun kagungan arta kagem mundhut sragam sekolah kok Bu."
- d. "Wahhh...dalemipun panjenengan tebih sanget inggi Bu?"

2) Unggah-unggah basa apa kang digunakake ing pacelathon ing dhuwur?

- a. Ngoko lugu.
- b. Ngoko alus
- c. Krama lugu.
- d. Krama alus.

Gatekna pacelathon ing ngisor iki kanggo soal nomer 3!

Andi : "Ton, kowe ngerti apa ora sapa Robert Wolter Monginsidi kuwi?"

Anton : "Ngerti, Robert Wolter Monginsidi kuwi salah siji pahlawan Indonesia kang jenenge didadekake jeneng dalan ing Semarang."

Andi : "Kowe ngerti umure Robert Wolter Monginsidi nalika mati?"

Anton : "Pahlawan kasebut mati ing umur patlikur taun."



3) Pacelathon ing dhuwur yen diowahi dadi krama lugu dadi



a. Andi : "Ton, sampeyan ngertos napa ora sapa Robert Wolter Monginsidi kuwi?"

Anton : "Ngertos, Robert Wolter Monginsidi kuwi salah siji pahlawan Bernalar Kritis

Indonesia kang jenenge didadekake jeneng dalan ing Semarang."

Andi : "Sampeyan ngerti yuswane Robert Wolter Monginsidi nalika mati?"

Anton : "Pahlawan kasebut pejah ing umur patlikur taun."

- b. Andi : "Ton, sampeyan ngertos punapa boten sinten Robert Wolter Monginsidi punika?"
 Anton : "Ngertos, Robert Wolter Monginsidi punika salah setunggal pahlawan Indonesia ingkang namanipun didadosaken nama margi ing Semarang."
 Andi : "Sampeyan ngertos yuswanipun Robert Wolter Monginsidi nalika pejah?"
 Anton : "Pahlawan kasebut pejah ing umur sekawanlikur taun."
- c. Andi : "Ton, panjenengan ngertos punapa boten sinten Robert Wolter Monginsidi punika?"
 Anton : "Ngertos, Robert Wolter Monginsidi punika salah setunggal pahlawan Indonesia ingkang asmanipun didadosaken nama margi ing Semarang."
 Andi : "Panjenengan ngertos umuripun Robert Wolter Monginsidi nalika pejah?"
 Anton : "Pahlawan kasebut pejah ing umur sekawanlikur taun."
- d. Andi : "Ton, panjenengan pirsia punapa boten sinten Robert Wolter Monginsidi punika?"
 Anton : "Pirsia, Robert Wolter Monginsidi punika salah setunggal pahlawan Indonesia ingkang asmanipun didadosaken nama margi ing Semarang."
 Andi : "Panjenengan ngertos yuswaipun Robert Wolter Monginsidi nalika pejah?"
 Anton : "Pahlawan kasebut seda ing yuswa sekawanlikur taun."

Gatekna pacelathon ing ngisor iki kanggo soal nomer 4-5!



- Bondan : "Ngendikane simbahku, masarakat Batak wis kulina nglampahi kagiyatan gotong royong wiwit dhisik. Ing laladan Karo mligine, malah ana sing diwastani marsiadapari. Tembung kasebut digunakake kanggo kagiyatan sing gegayutan karo gotong royong."
- Melati : "Marsiadapari iku apa Ndan? Kepriye wangun kagiyatane?"
- Bondan : "Marsiadapari yaiku gotong royong kang ditindakake wong akeh kanthi bebarengan ing sawahe dhewe-dhewe mawa gantian supaya pakaryan kang abot bisa dadi entheng."
- Wanda : "Kayane kuwi meh padha karo gotong royong ing daleme simbahku ing Nusa Tenggara Barat. Ing kana uga ana gotong royong ing sawah, ananging diarani tradhisi besiru."
- Siti : "Ing Jawa uga ana gotong royong nalika wektu adicara nikahan, yaiku sinoman. Kuwi lho, bareng-bareng ngrewangi masak, nampa tamu, lan nyuguhake panganan ing wektu adicara nikahan. Kakangku tau tumut kagiyatan sinoman ing adicara nikahan putrane Pak RT."
- Melati : "Wah, jebul kawit dhisik masarakat Indonesia wis kulina nglakoni gotong royong ya?"
- Bondan : "Iya, bener."
- 4) Saka pacelathon ing dhuwur, apa kang bisa diarani gotong royong
- Kagiyatan kang dilakoni mawa dhewean supaya pakaryan kang abot dadi suwe.
 - Kagiyatan kang dilakoni mawa bebarengan supaya pakaryan kang abot dadi entheng.
 - Kagiyatan kang dilakoni mawa sambatan supaya pakaryan kang abot dadi kapenak.
 - Kagiyatan kang dilakoni mawa grusa-grusu supaya pakaryan abot ndang rampung.

5) Unggah-ungguh basa apa kang digunakake ing pacelathon ing kasebut?

- a. Ngoko lugu.
- b. Ngoko alus
- c. Krama lugu.
- d. Krama alus.

Gatekna pacelathon ing ngisor iki kanggo soal nomer 6-7!

Pak Bowo : "No...Dino...! Mrenya Le!"

Dino : "Inggih, Pak. Wonten perkawis punapa Pak?"

Pak Bowo : "Kowe mau uwis salat magrib apa durung?"

Dino : "Sampun Pak, nembe kemawon."

Pak Bowo : "Banjur tugasmu sing dikongkon nggawe
pacelathon tema kreatif uwis kokgarap?"

Dino : "Dereng Pak, badhe kula garap mangke
sesampunipun sembahyang 'isya."

Pak Bowo : "O, ya wis Le, aja nganti lali ya!"

Dino : "Inggih Pak. Kula mangke badhe nyobi damel
pacelathon piyambakan, boten ningali ugi
nyonto gadhahipun kanca."

Pak Bowo : "Pinter! Kuwi bisa ngasah sipat mandhirimu Le."

6) Unggah-ungguh basa kang digunakake dening Dino yaiku

- a. Ngoko lugu.
- b. Ngoko alus
- c. Krama lugu.
- d. Krama alus.

7) Kenangapa Pak Bowo nggunakake unggah-ungguh basa ngoko marang Dino?

- a. Amarga wong enom marang wong tua.
- b. Amarga wong tuwa marang wong enom.
- c. Amarga murid marang guru sing mulang.
- d. Amarga Pak Bowo ora bisa ngomong krama.

Mbak Yati : "Bu Marni, punapa Pak Bambang siyos tindak dhateng Kutha Bandung?"

Bu Marni : "Pak Bambang ora sida tindak menyang kutha Bandung, amarga astane
lara."

8) Ukara kang kacithak kandel ing dhuwur kuwi yen didadekake krama alus dadi ...

- a. Pak Bambang boten sida tindak menyang kutha Bandung, amarga astane sakit.
- b. Pak Bambang boten sida kesah menyang kitha Bandung, amargi astanipun sakit.
- c. Pak Bambang boten siyos tindak dhateng kutha Bandung, amarga astanipun gerah.
- d. Pak Bambang boten siyos tindak dhateng kitha Bandung, amargi astanipun gerah.





Gatekna pacelathon ing ngisor iki kanggo soal nomer 9!

Andre : "Apik ya, tampile Manda lan kanca-kanca kelompoke ing Pagelaran Tresna Budaya iki."

Sasa : "Iya. Sangertiku dheweke lan kanca-kancane padha gladhen kaping pindho saben Minggu."

Endah : "Iya Manda hebat! Sanadyan bapak lan ibune saka Nusa Tenggara Barat, nanging dheweke anggone nari gambyong apik banget!"

Sasa : "Heeh. Kuwi nuduhake yen awake dhewe uga prelu sinau lan nglestarikake budayane dhewe lan budaya liyane kang ana ing Indonesia."

Andre : "Kita kudu bungah nduweni kabudayan kang maneka warna."

9) Kenangapa para siswa ing pacelathon ing dhuwur nggunakake unggah-ungguh basa utawa ragam ngoko lugu?

- a. Amarga gampang digunakake siswa.
- b. Amarga tumrap kanca kang wis raket.
- c. Amarga siswa ora ngerti basa krama.
- d. Amarga diwajibake nggunakake ngoko.

Afif : "Bu kowe sida nonton wayang golek ing bale desa?"



Bu Mar : "Sida Le!"

10) Basa kang digunakake dening Afif marang Bu Mar durung trep, kepriye ngowahi supaya dadi ukara kang trep?"

- a. "Bu panjenengan sida nonton wayang golek ing bale desa?"
- b. "Bu panjenengan siyos nonton wayang golek ing bale desa?"
- c. "Bu panjenengan sida mriksani wayang golek ing bale desa?"
- d. "Bu panjenengan siyos mriksani ringgit golek ing bale desa?"

Guru : "Kepriye kabarmu Le? Kepriye wis mari apa durung anggone lara?"

Joni : "... .."

Guru : "Alhamdulillah, yen wis mari. Aja lali mlebu sekolah meneh ya!"

Joni : "Inggih Bu."

11) Ukara kang trep kanggo njangkepi pacelathon ing dhuwur yaiku

- a. Sehat Bu, Aku wis mari. Sesuk aku budal sekolah.
- b. Alhamdulillah, sapunika sampun langkung sae Bu.
- c. Kula kedah kathah nedha supados saras Bu.
- d. Sepurane banget Bu, aku nembe ningali TV.

Gatekna pancelathon ing ngisor iki kanggo soal nomer 12!

Sisi : *"Saking pundi sampeyan kala wingi, Mbak Mit?"*

Mbak Mila : *"Kula kesah dhateng dalemipun pakdhe kula. "*

Sisi : *"Dalemipun pundi Mbak?"*

Mbak Mila : *"Blora."*

12) Unggah-unggah basa kang digunakake dening Mbak Mila kleru, kepriye supaya dadi bener?

- a. Aku tindak menyang daleme pakdheku.
- b. Aku lunga menyang daleme pakdheku.
- c. Kula tindak dhateng dalemipun pakdhe kula.
- d. Kula lunga dhateng daleme pakdhe kula.

Gatekna pancelathon ing ngisor iki kanggo soal nomer 13-14!

Mbak Ida : *"Sampun pirsa pawarta menawi Mbah Wadi saweg gerah?"*

Lek Ani : *"Durung, Mbah Wadi gerah apa Ndhuk?"*

Mbak Ida : *"Ngendikanipun Bu Yayuk, padadaranipun Mbah Wadi gerah."*

Lek Ani : *"Oalah, kowe wis tilik mrana?"*

Mbak Ida : *"Dereng Lek."*

Lek Ani : *"Ayo mrana bareng!"*

13) Topik ing jero pancelathon ing dhuwur yaiku

- a. Mbak Ida lara b. Lek Ani lunga c. Mbah Wadi sakit d. Bu Yayuk sare

14) Ukara kang kacithak kandel nggunakake unggah-unggah basa apa?

- a. Ngoko lugu.
- b. Ngoko alus
- c. Krama lugu.
- d. Krama alus.

Gatekna pancelathon ing ngisor iki kanggo soal nomer 15-16!

Selly : *"Mas mengko wengi panjenengan mriksani kethoprak apa ora?"*

Mas Broto : *"... .."*

Selly : *"Ing lapangan etane kali."*

Mas Broto : *"Wadhuh, aku prelu nerusake anggonku nggawe pot kembang saka plastik lho Dhi."*



15) Ukara kang trep kanggo njangkepi pancelathon

ing dhuwur yaiku

- a. Ing wektu liya apa ora bisa?
- b. Kapan acarane diwiwiti Sel?
- c. ing panggon ngendi nontone?
- d. Acarane nyenengake apa ora?

16) Ukara kang kacithak kandel bisa digolongake kalebu unggah-unggah basa ngoko alus amarga

- a. nggunakake tetembungan ngoko lan netral.
- b. nggunakake basa Jawa kang penak dingerteni.
- c. nggunakake tembung ngoko lan krama inggil.
- d. nggunakake tetembungan krama kang akeh.



17) Bu Guru Yayuk ketemu karo muride biyen sing jenenge Saif ing dalan. Murid kasebut saiki wis dadi polisi. Unggah-unggah basa apa kang trep digunakake dening Bu Guru Yayuk marang Saif?

- a. Ngoko lugu.
- b. Ngoko alus
- c. Krama lugu.
- d. Krama alus.

Gatekna pacelathon ing ngisor iki kanggo soal nomer 18-19!

Arif : *"Don, wingi aku melu bapakku nunggang prau layar."*

Doni : *"Anggonmu numpak prau layar ing endi, Rif?"*

Arif : *"Aku numpak prau layar ing Tlaga Singkawang."*

Doni : *"Mbok ya kapan-kapan aku ya diajak!"*

Arif : *"Ok, kapan-kapan kowe bakal dakajak!"*

18) Ukara kang kacithak kandel menawa diowahi dadi krama lugu yaiku

- a. Aku nitih baita layar ing Tlaga Singkawang.
- b. Aku numpak baita layar ing Tlaga Singkawang.
- c. Kula nunggang baita layar ing Tlaga Singkawang.
- d. Kula linggih baita layar ing Tlaga Singkawang.

19) Apa topik ing pacelathon ing dhuwur?

- a. Pamer dolanan b. Lunga menyang Singkawang c. Numpak prau layar d. Ngajak mangan

20. Pacelathon ing ngisor iki kang paling trep miturut unggah-unggah basa Jawa yaiku .. 

a. Lik Danu : *"Le, apa kowe wis jaluk dhuwit marang Ibu?"*

Aziz : *"Sampun Bulik. Kula sampun nyuwun arta, ananging dereng dipunparingi kaliyan ibu."*

b. Lik Danu : *"Le, apa sampeyan wis jaluk arta marang Ibu?"*

Aziz : *"Sampun Bulik. Kula sampun nyambut arta, nanging dereng disukani kalih ibu."*

c. Lik Danu : *"Le, punapa panjenengan wis nyuwun dhuwit marang Ibu panjenengan?"*

Aziz : *"Sampun Bulik. Kula sampun tumbas yatra, ning dereng disukani kalih ibu."*

d. Lik Danu : *"Le, apa awakmu wis jaluk dhuwit marang Ibu?"*

Aziz : *"Sampun Bulik. Kula sampun bekta yatra ananging dereng diparingi ibu."*